

Flanbo Verite A

DEPI ANDEDAN KÈ A

Fabyan te koube devan papa l' ak anpil respè.
Papa l' se te Makès, yon senatè nan lavil Wòm
nan tan lontan. (Gade istwa sa a nan paj 13)

Jounal sa a pa pou vann

TAB MATYÈ

Depi Andedan Kè a.....	13
Editorial	3
Pi Lwen Pase Pwotestan yo Chapit 2.....	4
Abandon san Rezèv	11
Yon Lèt ki Mouri osinon Yon Lespri ki Vivan ?	12
Seksyon Paran Apèl pou Monte Leson 8a	21
Istwa Biblik Bondye Pale Pamwayen Jeremi.....	18
Resèt Poudin Fèt ak Diri epi Kanèl	26
Seksyon Jenn Yon Ti Pri pou Peye Chapit 21c.....	27
Seksyon Timoun Sèt (7) Minit Ase	30
Aktivite Timoun	34
M' te Vin Bouke	Kouvèti Dèyè

Komite

Direktè

Dale E. Heisey
Duane Nisly
Mark Yoder
Paul Schrock
Noah Schrock
Antonio Valverde
Jesús Villegas
Sanford Yoder

Editè

Duane Nisly
Matthew Morhart

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15
Pital de San Carlos
Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se
Publicadora La Merced, ki
sitiye nan Santa Rita de
Rio Cuarto, Costa Rica, ki
pibliye li chak de (2) mwa.

PUBLICADORA LA

MERCE se yon konpayi
k'ap pibliye liv nan yon bi
pou yo pwopaje Levanjil
la. Yo pa fè sa pou lajan.
Okontrè, yo fè sa pou yo
pwopaje bon jan doktrin
biblik dapre kwayans
Anabatis yo, epi yo fè sa
pou sila yo k'ap resevwa
literati sa yo kapab jwenn
bon konsèy pratik pou
aplike nan lavi yo.

Desen Kouvèti a :
Randall Nisly

Editoryal

Chè lektè :

Li enpòtan pou n' kalkile konsekans yo ki ka vini poutèt tèl desizyon nou vle pran. Nan liv Jenèz, nou wè Lòt te deside mache ak tonton l' Abram lè li te kite peyi Aran. Kèk tan apre sa, lè yo te tounen sòti nan peyi Lejip pou etabli yo nan peyi Kanaran, te genyen yon pwoblèm ki te pete nan mitan gadò Abram yo ak gadò Lòt yo. Se konsa Abram ak Lòt te deside separe. Abram te dakò pou Lòt chwazi ki zòn li te pi pito. Lòt te pran desizyon pou l' abite nan tè ki te pi anfòm lan. Men, tè sa a te kole ak lavil Sodòm. Chwa sa a se te yon erè grav pou Lòt. Alafen, li te pèdi prèske tout sa l' te genyen. Sepandan, Abram t'ap viv byen alèz nan lapè. Bondye te beni fanmi Abram ak desandan li yo avèk pwomès diven.

Pa twò lontan pase, mwen te asiste yon rankont kote nou te wè yon lòt fwa ankò kijan desizyon nou yo se bagay ki vrèman gen enpòtans. Se te yon selebrasyon pou plizyè misyonè ameriken ki te pase karansèt (47) ane nan peyi Kostarika ap preche Levanjil la. Yo te pran desizyon yon lè pou yo kite Etazini epi al' travay Kostarika, epi desizyon sa a te genyen gran efè sou lavi anpil moun. Se toujou konsa. Nou gen tandans panse sa nou deside fè jodi a se yon ti bagay piti li ye. Li p'ap chanje anyen serye. Men, souvan se pa vre.

Granpapa m' te pran yon desizyon lè l' te jenn gason. Jounen jodi a, apre anpil anpil ane gentan pase, nou tout kapab wè byen klè kijan desizyon sa a te enfluyansè lòt moun. Lè tout frè l' yo te deside kite asanble kote yo te ye a pou yo ale nan lòt asanble ki te pi pwogresif epi pi liberal (ki asepte yon seri bagay legliz yo pa t' konn asepte oparavan), granpapa m' te pran desizyon pou l' rete nan menm asanble a pito. Katreven (80) ane gentan pase depi li te pran senp ti desizyon sa a, men konsekans yo parèt akèl lè n' konpare tout jenerasyon ki te vin apre yo.

Byen petèt Bondye pa t' genyen egzanp sa a nan tèt Li lè Li te fè deklarasyon sa a : *« Senyè a pase devan Moyiz, Li pale byen fò, Li di : « Senyè a, Senyè a se you Bondye ki gen pitye pou moun, you Bondye ki gen bon kè. Li pa fè kòlè fasil, Li p'ap janm sispann renmen, L'ap toujou kenbe pawòl Li. L'ap kenbe pwomès Li pou tout tan jouk sou mil jenerasyon, de pitit an pitit. L'ap toujou padonnen sa nou fè ki mal, sa nou te dwe fè nou pa fè, ak peche nou yo. Men, Li pa nan kase fèy kouvri sa. Lè you moun fè youn peche, L'ap pini pitit li yo, pitit pitit li yo ak pitit pitit pitit li yo pou sa li fè a, jouk sou twazyèm ak katyèm jenerasyon »* (Egzòd 34.6-7). Men, sanble genyen yon prensip nan pasaj la ki mache avèk sa n'ap pale a.


Lè nou anfas yon desizyon, se pou n' genyen menm lide ak Moyiz lè l' te di : *« Si se pa Ou menm menm k'ap mache avè nou, Ou pa bezwen kite nou sòti isit la »* (Egzòd 33.15).

Duane Nisly

Pi Lwen Pase Pwotestan Yo

—Dal E. Aysi

Chapit 2 Èske Bib La Plat ?



Si n' konpare Ansyen Kontra a avèk Nouvo a, èske yo egal youn ak lòt nan Senpòtans (sa vle di Bib la plat) pou nou menm k'ap viv jounen jodi a ? Èske youn pale plis pou nou ? Èske genyen youn ki siperyè ? Ann gade.

Èske yon nonm ta sipoze genyen de (2) madanm ? Kesyon sa a te vini devan legliz la nan peyi Almay pandan sèzyèm syèk la (lane 1500 yo). Yon chèf politik ki te rele Filip d'Ese te gentan marye yon dezyèm fwa. Koulye a, li t'ap chache api gran lidè Refòm yo pou sa li te fè a. Lidè sa yo te ekri yon deklarasyon - kote yo te apwouve dezyèm maryaj la. Nan deklarasyon an, yo te site agiman sa a : « Abraram te genyen de (2) madanm. »

Èske gouvènman an genyen dwa pou li touye eretik (sila yo ki atake ansèyman Bib la) ? Gran lidè Refòm Pwotestan an, Martin Litè, te siyen nan yon dokiman kote yo te ankouraje lanmò pou eretik yo. Yo te kanpe sou pasaj sa a : « **Wi, si yon moun peyi a, osinon yon moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou derespekte Bondye, se pou yo touye l'** » (Levitik 24.16).

Nan toude ka sa yo, lidè Refòm yo te site rezon « bibliik » pou yo jistifye desizyon yo. Èske yo te gen rezon ? Jounen jodi a, èske se volonte Bondye pou moun ap pratike poligami (plizyè madanm) epi pou yo touye eretik ? Èske lide sa yo mache ansanm ak egzanp Jezi te bay la ? Èske yo mache ak ansèyman Jezi te bay yo ? Èske yo daplon ak lespri mesaj Jezi a ? Èske yon kretyen jounen jodi a ta sipoze viv tankou moun ras Izrayèl yo te viv anba Ansyen Kontra a ? Ditou ! Koulye a, genyen yon lòt lalwa, yon lalwa espirityèl, ki fonde sou presye san Ti Mouton Bondye a. Se lalwa sa a ki enspire yon lavi ki tout afè diferan ak sa moun t'ap viv alepòk. Nou jwenn yon apèl pou n' patisipe nan yon vokasyon ki diferan, ki sen, epi ki pwòp. Se lavi Kris ki parèt nan lavi kretyen an, se paske « **Menm jan Li menm, Li ye a, se konsa nou menm, nou ye nan monn sa a** » (1 Jan 4.17 Bib Kreyòl la—Bibles International). Enben, nan ka sa a, poukisa lidè Refòm yo pa t' wè sa a ? Note rezon an byen : Yo te konprann Bib la plat.

Kisa Sa Vle Di : Bib La Plat ?

Jan Batis te preche epi batize moun nan Larivyè Jouden. Li te ranpli ak Sentespri a depi nan vant manman l', epi li te preche Wayòm Bondye a. Li te yon vwa ki t'ap rele nan dezè a. Li t'ap di : « **Tounen vin jwenn Bondye. Prepare wout Senyè a.** » Anpil moun te al koute li, epi yo te konfese peche yo. Yo te resevwa batèm. Lè Jan te wè Farizyen yo t'ap vini tou, li te di yo konsa : « **Fè bagay ki pou fè wè lavi nou chanje tout bon** » (Matye 3.8). Poukisa Jan te di sa ? Lidè relijye sa yo te mete nan tèt yo Bondye te oblije asepte yo paske se Jwif yo te ye—yo te pitit Abraram. Poukisa yo ta oblije repanti epi pwodwi bon fwi nan lavi yo ? Se lalwa Moyiz yo t'ap swiv. Yo pa t' konprann Jan t'ap anseye yon nouvo wayòm ; yon wayòm espirityèl kote chak grenn moun kapab antre depi li « fèt yon dezyèm fwa »

nan Sentespri a. Yo te tande pale sou afè batèm dlo, men yo pa t' konprann batèm Sentespri a. Yo te pitit Abraram se vre, men yo pa t' pitit Bondye. Yo te genyen Ansyen Kontra a, men yo pa t' ankò konnen afè Nouvo a. Nouvo Kontra sa a pa t' siyen ak san mouton. Li te siyen ak san Ti Mouton Bondye a. Donk, lè chèf yo te mare konplo pou yo krisifye Jezi, se rechte yo t'ap rechte afè Nouvo Kontra a. Yo pa t' vle wè yon bagay ki te ka ranplase Ansyen Kontra yo a.

Koulye a, ann gade kesyon Bib plat la. Filozofi sa a vle fè nou konnen Ansyen Kontra a genyen menm otorite jounen jodi a ak Nouvo Kontra a. Selon filozofi sa a, vwa Ansyen Kontra a egal ak vwa Nouvo Kontra a pou esplike kijan Kreyen yo dwe viv. Nouvo Kontra a pa gen okenn priyorite sou Ansyen an—selon filozofi Bib plat la.

Sila ki pa rekonèt kijan Nouvo Kontra a siperyè, epi kijan li depase Ansyen Kontra a, se yon moun ki kwè Bib la plat. Sila ki dirije lavi li selon moralite epi etik Ansyen Kontra a se yon moun ki kwè Bib la plat. Men, se yon erè grav pou n' konprann toude kontra sa yo genyen menm otorite. Jezi te di konsa : « ***Se lespri a ki bay lavi, kò a pa vo anyen. Pawòl Mwen di nou yo sòti nan Lespri Bondye, yo bay lavi*** » (Jan 6.63). Liv Levanjil Jan an esplike diferans lan ki egziste nan mitan de (2) kontra yo konsa : « ***Bondye fè Moyiz ban nou lalwa. Men, se Jezikri ki fè nou konnen renmen Bondye a ansanm ak verite a*** » (Jan 1.17). Jezi te fè nou konnen yon kontra ki « ***pi bon lontan, li gen pi bon pwomès ki garanti li*** » (Ebre 8.6). Ansyen Kontra a se sa « ***yo te di*** » nan tan lontan. Nouvo Kontra a se kote Jezi di : « ***Sa M'ap di nou la a, se vre wi...*** » Se sa a ki pi gwo otorite sou tè Kreyen an jounen jodi a.

Jwif yo te di yon payen ki konvèti dwe sibi sikonsizyon. Se paske pou yo menm, Bib la te plat. Yo pa t' kapab wè kijan sali vini pamwayen lafwa nan Jezi epi pa nan obeyisans lalwa. Kèk moun ki batize bebe ap sipòte lide Bib plat la. Yo te mèt pa konsyan, men se sa li ye. Yo mete nan tè yo batèm lan ranplase sikonsizyon selon Ansyen Kontra a. Sepandan, Nouvo Kontra a fè n' konnen byen klè batèm se pou sila yo ki kwè epi ki repanti pou peche yo. Sa se yon bagay yon bebe pa kapab fè (Mak 16.16 ; Travay 2.38 ; 3.19). Sila yo ki reyini pou fè sèvis nan gran katedral chaje estati ak imaj, ki limen lansan, ki adore ak mizik enstrimantal, epi ki rive danse menm, yo ta sipoze koute sa Jezi te di : « ***Men, lè a ap rive, li rive deja : tout***

moun k'ap sèvi tout bon yo pral sèvi Papa a nan kè yo jan sa dwe fèt. Se moun konsa Bondye vle pou sèvi Li » (Jan 4.23). Anpil nan adorasyon yo k'ap fèt nan legliz Katolik ak nan legliz Pwotestan yo jounen jodi a se egzanp Ansyen Kontra a y'ap swiv. Adorasyon esprityèl pa mande gwo katedral. Li pa mande lotèl. Li pa mande enstriman mizik. Li pa mande rad prèt yo. Li pa mande òneman. Se paske : *« Bondye ki fè lemonn antye ak tou sa ki ladan l', se Li menm ki Mèt syèl la ak tè a. Li pa rete nan kay moun bati ak men yo. ²⁵Li pa bezwen pou moun travay ba L' anyen nonplis, paske se Li menm ki bay moun lavi, ki fè yo respire, ki ba yo tout lòt bagay »* (Travay 17.24–25). Yon vrè kreyen deklare se Nouvo Kontra a ki vrè Lalwa a nou sipoze ap swiv la. Sila yo ki pa bay Nouvo Kontra a plis valè pase Ansyen Kontra a se moun ki kwè Bib la plat.

Poukisa Nouvo Kontra A Siperyè ?

Se te yon ansyen legliz alepòk ki te di konsa : « Pou n' fè Bondye plezi tankou sen Ansyen Kontra yo, fòk nou ta viv pi byen pase yo. » Kisa sa vle di ? Bondye gen rezon pou Li atann pi bon bagay lakay nou pase Li te atann lakay moun Ansyen Kontra yo—plis pwòpte, pi bon atitid, epi plis moralite. Poukisa ? *« Lalwa Moyiz la pa t' menm yon bon pòtre bagay ki la tout bon yo. Se yon senp lonbraj benediksyon ki gen pou vini yo li ye. Moun ki pwoche bò kote Bondye avèk menm kalite ofrann bèt y'ap plede ofri chak lane san rete a, moun sa yo, Lalwa pa ka fè yo vin bon nèt. »* Men, lè menm pasaj la pale sou Jezi, li di konsa : *« Konsa, avèk sèl ofrann Li fè a, Li fè moun Li netwaye anba peche yo bon nèt pou tout tan »* (Ebre 10.1, 14). Nou posede yon Lalwa ki pi bon, yon Lalwa ki kanpe sou renmen olye laperèz. Lalwa pa nou an pa t' sòti sou Mòn Sinayi, men sou Mòn Kalvè. Li pa ekri sou de (2) wòch plat, men li ekri sou kè lòm. Nou pa genyen yon poto nyaj ki kanpe sou Tabènak la, men nou genyen Kris k'ap viv nan nou. Nou p'ap obeyi yon lèt ki sòti pa deyò, men n'ap viv selon Lespri Bondye a ki ban nou lavi. Ala yo gran diferans !

Anvan Jan te preche mesaj li a, pèp Bondye a se te tèt nasyon, nan tèt teritwa. Se te yon afè ras. Depi ou te fèt Jwif, ou te deja fè pati pèp sa a ki te apa pou Bondye. Depi moun lan te asepte Lalwa a epi resevwa siy kontra a, li te tou antre nan relijyon Jwif la. Se pa konsa li ye jodi a. Legliz Kris la se tout moun sa yo ki volontèman

mouri anvè tèt yo, ki idantifye yo ak Kris ak doktrin Li a, epi ki swiv Li nan jan l'ap viv jou an jou. Sila ki fèt yon dezyèm fwa pamwayen Lespri Bondye a anvi reyini ak frè e sè yo epi fè pati fratènite sa a, ki se legliz Kris la. Nenpòt tribi, nenpòt nasyon, nenpòt lang, nenpòt kote ou deja pase, se yon sèl envitasyon ki pou tout limanite : se « vini. »

Pandan sis (6) fwa nan Matye chapit 5, Jezi resite bagay ki sòti nan Ansyen Kontra a. Chak fwa Li fè l', Li mete yon bagay sou sa Lalwa a te di. Li fè sa ak otorite diven Li genyen kòm Pitit Bondye. Li bay kòmandman esprityèl ki gouvènèn kè lòm. Ann gade kèk egzanp. Matye 5.21 : « ***Nou tande kijan nan tan lontan yo te di zansèt nou yo : « Piga ou janm touye moun. »*** » Se sa lalwa a te di. Se te yon règ moral tout sitwayen dwe swiv. Men, kisa Jezi te di nan sa ? « ***Men, Mwen menm, men sa M'ap di nou : Nenpòt moun ki ankolè sou frè l' se pou yo jije li*** » (Matye 5.22). Se pa sou afè asasinay Jezi ap pale. L'ap pale pito sou kondisyon kè moun, sou kòlè. Pawòl Apòt Jan tonbe dakò ak sa a : « ***Tout moun ki rayi frè yo, se ansasen yo ye. Nou konnen yon ansasen pa gen lavi ki p'ap janm fini an nan li*** » (1 Jan 3.15). Men si yon moun kwè Bib la plat, li ka rayi frè li alèz depi li pa touye li.

Jezi te pale sou pwòpte moral (pwòpte seksyèl). Yon lòt fwa ankò, Li te site Lalwa a dabò : « ***Nou tande kijan nan tan lontan yo te di : « Piga ou janm fè adiltè. »*** » Men Jezi te byen konnen sa pa sifi pou nou annik eseye evite aksyon adiltè a. Se konsa Li te ale pi lwen pou Li di konsa : « ***Mwen menm, men sa M'ap di nou : Si yon nonm gade yon fi avèk lanvi, li deja fè adiltè avè l' nan kè l'.*** » Nan ka sa a, kilès ki kapab kanpe pou di Nouvo Kontra a pa ale pi lwen pase Ansyen an ? Kilès nan de (2) lalwa sa yo pou Kreyen an swiv ? Se Nouvo a. Kris te mennen yon relijyon ki transfòmè kè a.

Kris pa t' sèlman anseye yon Nouvo Kontra ; Li te viv li. Lavi Kris la se pi bon fason pou n' konprann lavi yon Kreyen. Men doktrin Kris la : se pou n' mache jan Li te mache (1 Jan 2.6). Fòk nou kite tout koutim ak doktrin ki prezan nan Ansyen Kontra a men ki PA prezan nan pèfeksyon Kris la. Se ak Kris pou n' abiye nou. Piga n' fè pwovizyon pou lachè a (Women 13.14).

Bib Plat La An Pratik

Nou deja gade ki gwo diferans ki genyen ant yon lavi selon Ansyen Kontra a epi

yon lavi selon Nouvo a. Pou yon legliz bibliik, chwa a klè. Li va obeyi Levanjil la avèk doktrin Sovè a. Sila yo ki kwè Bib la plat mete fi nan pozisyon lidèchip, malgre se yon bagay Nouvo Kontra a pa dakò (1 Timote 2.11). Yo dakò divòs epi remaryaj, malgre nan kòmansman an Bondye te pale sou de (2) moun ki devni yon sèl chè. Jezi te kanpe sou sa Bondye te di nan kòmansman an : « **Pèsonn moun pa gen dwa separe sa Bondye mete ansanm** » (Matye 19.5–6). Moun sa yo antre nan lame, yo patisipe nan lagè, epi nan defans nasyonal paske se sa pèp Bondye a te fè nan Ansyen Kontra a. Men, kisa Senyè nou an te anseye nou ? (Matye 5.43–48). Kilè Jezi te patisipe nan lagè, nan defans peyi a avèk zam epi ak lame ? Kijan yon moun kapab renmen lènmi li epi touye l' alafwa ? Moun ki kwè Bib la plat se moun ki dakò pou moun gade travay pastè a kòm yon djòb. Yo dakò patisipe nan afè piblik epi fè pati yon jiri k'ap fè jijman pou leta a. Nou pa wè youn nan bagay sa yo nan egzanp Jezi te ban nou an. Filozofi a ki di moun ki kretyen sipoze rich (levanjil pwosperite a) se yon doktrin ki sòti nan sila yo ki kwè Bib la plat. Batèm timoun, koral pwofesyonèl ak enstriman mizik nan sèvis adorasyon, bijou, ak lòt koutim konsa ki popilè nan asanble yo jounen jodi a se bagay k'ap imite egzanp Ansyen Kontra yo. Yo p'ap imite ni Kris, ni apòt yo ki fè pati Nouvo Kontra a.

Sou kisa ou kanpe pou sa w'ap fè, chè zanmi ? Epi, kòman sa ye pou abitud asanble kote ou mache a ? Legliz bibliik la rekonèt se lespri ak lavi Kris la ki genyen priyorite sou Ansyen Kontra a.

Nan Ka Sa A, Èske Ansyen Kontra A Genyen Valè ?

Se byen enteresan lè n' gade Bib la tout antye. Twa ka (3/4) nan Bib la se Ansyen Kontra a. Si se Nouvo a ki règ kretyen an, poukisa pakèt bagay ansyen sa yo ladann l' ? Èske li pa t'ap pi bon pou nou si n' te li, etidye, epi anseye Nouvo a sèlman ? Kisa Ansyen Kontra a kapab di nou ?

Bib la derape ak mo sa yo : « **Nan kòmansman, Bondye kreye syèl la ak latè a** » (Jenèz 1.1). Andedan Ansyen Kontra a, nou twouve konesans sou kilès Bondye ye, ki karakteristik Li genyen, ki Lalwa Li te bay, ki pwomès Li te fè, epi kijan Li anvi genyen yon pèp ki apa pou Li. Nan Ansyen Kontra a, nou wè Bondye k'ap rele moun, enstwi moun, korije moun, epi padone moun—sitou moun Izrayèl yo, fanmi Li te chwazi a. Men yo te konn ale lwen Li. Nan mizèrikòd Li, Bondye te chache yo pamwayen pwofèt yo ak kèk pinisyon.

Konsa tou, nan Ansyen Kontra a, nou wè yon Bondye ki souvren, ki kontwole sa k'ap fèt pami nasyon yo. Nan istwa Nebikadneza a, men sa nou aprann : **« ...Bondye ki nan syèl la gen pouvwa sou tout chèf. Li bay moun Li vle pouvwa pou yo gouvènèn. Li pran moun ki pi ba a, Li fè l' moute ! »** (Danyèl 4.17). Men istwa toujou genyen yon objèktif, epi tout Ansyen Kontra a (depi Jenèz rive Malachi) lonje dwèt li sou yon sèl bagay : aparisyon Jezi Kris pami nou epi wayòm esprityèl Li a. Se poutèt sa, Ansyen Kontra a debòde ak lonbray, ak modèl, epi ak imaj bagay ki te genyen pou vini toujou. Kisa nechèl Jakòb la reprezante ? Kisa belye mouton Abraram te touye nan plas Izarak la reprezante ? Sèpan ki te fèt an kwiv la yo te leve anlè nan dezè a, kisa li fè nou wè ? Epi Mèlkisedèk, wa peyi Salèm lan kisa li siyifi ? Tout repons sa yo, se nan Nouvo Kontra a nou kapab twouve yo. Nan sans sa a, Nouvo Kontra a se yon revelasyon ki konplè. Si n' konnen Ansyen Kontra a byen, sa kreye yon baz pou n' fè sans ak Bòn Nouvèl Kris la. Ansyen an ban nou okazyon pou n' byen preche Nouvo a. Se poutèt sa nou wè Nouvo Kontra a plen ak sitasyon ki sòti dirèk nan Ansyen an. Ansyen an se te preparasyon pou Nouvo a. **« Men, lè lè a rive, Bondye te voye pwòp Pitit Li. Li sòti nan vant yon fanm, Li viv anba Lalwa Jwif yo, pou L' te ka delivre tout moun ki te anba Lalwa pou n' te kapab vin pitit Bondye »** (Galat 4.4–5). Nesans Jezi a se dènye nesans ki anrejistre nan tout Bib la. Koulye a, Jezi se otorite final la. Men sa Bondye te di sou Jezi : **« Sa se Pitit Mwen renmen anpil la. Li fè kè M' kontan anpil. Koute Li »** (Matye 17.5). Konsa, nou wè Bib la pa plat. Nouvo Kontra a pa limite tankou Ansyen an. Genyen yon etajè : repantans, lafwa, ak obeyisans devan Kris. Yo leve nou anlè jouk nou viv yon lavi ki depase sa pwofèt Ansyen Kontra yo te ka konprann, malgre yo te etidye l' ak anpil dilijans : **« Pwofèt yo te chache anpil, yo te foye anpil pou yo te ka konnen kijan Bondye t'ap delivre nou. Yo te di davans ki kalite favè Bondye tapral fè nou »** (1 Pyè 1.10).

(liv sa a va kontinye nan pwochèn edisyon an)





Abandon San Rezèv

—Sanford Yoder

Women 12.1

« Se sa k'fè, frè m' yo, jan Bondye fè nou wè Li gen kè sansib pou nou an, se pou nou ofri tout kò nou ba li tankou ofrann bèt yo mete apa pou Bondye, bèt yo ofri tou vivan epi k'ap fè Bondye plezi. Se sèl jan nou dwe sèvi Bondye tout bon » (Women 12.1).

Mwen genyen yon ti chen ki renmen m' anpil. Chak maten, mwen ouvri pòt la pou l' antre andedan kay la. Mwen mete yon ti manje pou li, epi li vin kouche sou pye m' pandan mwen lonje kò m' sou yon gwo chèz. Li kouche sou do l' ak pye l' anlè. Se yon abandon san rezèv li ye. Li konnen li an sekirite lè l' sou pye m'. Li kite m' manyen l' jan mwen vle, paske li sèten mwen p'ap fè l' anyen ki mal.

Ti chen mwen an fè m' panse ak relasyon nou ta dwe genyen ak Bondye nou an. Nou vle chache genyen abandon san rezèv nan men Li. Nou di sa lè n' priye pafwa. Nou chante l' nan chan legliz yo. (Entre Tes mains...) Men, nou tout fasil bliye bèl entansyon nou te genyen pou n' soumèt totalman. Pafwa nou plede rebran sa n' te di nou fin sede nan men Bondye.

Jezi envite nou konsa : « **Vini jwenn Mwen, nou tout ki bouke, nou tout ki anba chay, M'a soulaje nou.** ²⁹**Pran jouk Mwen, mete l' sou zepòl nou. Pran leson nan men Mwen. Paske Mwen dou, Mwen toujou soumèt Mwen tout bon devan Bondye. Konsa, n'a viv ak kè poze.** ³⁰**Paske, jouk M'ap ban nou an fasil pou pote, chay M'ap ban nou an pa lou »** (Matye 11.28–30).

Se yon gran privilèj pou n' ka repoze nan bra Bondye, ak konfyans Li va kontwole tout bagay. « **Rete dousman devan Senyè a, pran san ou. Tann Li fè sa L' gen pou L' fè a...** » (Sòm 37.7). « **Jan sa ye a, gen yon repo ankò pou pèp Bondye a, yon repo tankou repo Bondye te pran setyèm jou a** » (Ebre 4.9).

Konsa, li te mètrè kontrè ak sa anpil moun va panse, men, se yon abandon san rezèv devan Bondye ki mennen trankilite total, lapè total, repo total, ak libète total. Ann swiv egzanp ti chen mwen an.



Yon Lèt Ki Mouri Osinon

Yon Lespri Ki Vivan ?

Yon moun ka di konsa : « Nou pa viv selon Lalwa a, men selon Lespri a. Nou konnen Lalwa a kondane moun, men Lespri a bay lavi. » Sa se vre. Men, ala yon gran erè pou n' separe Lespri Bondye a avèk Pawòl Li a. Men sa Jezi te di : « Se lespri a ki bay lavi, kò a pa vo anyen. Pawòl Mwen di nou yo sòti nan Lespri Bondye, yo bay lavi » (Jan 6.63). Se Sentespri a ki enspire tout Bib la. Bondye te soufle nan kèk moun ki t'ap viv pou Li, epi selon sa Li te soufle, yo te pale epi ekri (2 Pyè 2.21). Se konsa nou genyen Pawòl Bondye a ki sòti nan Lespri Bondye a. Pawòl la ak Lespri a toujou daplon, yo toujou dakò youn ak lòt. Pèsonn pa konnen volonte Bondye san li pa konnen Pawòl Bondye a. Apòt Pyè te deklare Pawòl pwofèt yo (Bib la) se « pawòl ki sèten nèt » ; li pi asire pase vizyon, revelasyon, rèv, ak esperyans pèsonèl (2 Pyè 1.19). Mesaj sen an ki andedan Levanjil la, se pa yon lèt ki mouri. Okontrè, se lavi Bondye ki ladan li. Pèsonn pa kapab genyen Lespri Bondye a epi dezobeyi Pawòl Bondye a alafwa (Travay 5.32).

—José David Uruena, peyi Kolonbi



REPONS

Aktivite Timoun

**NOU TA DWE ITILIZE TOUT TAN LIB NOU YO POU N' FÈ
YON BAGAY KI GENYEN VALÈ.**

Fabyan te koube devan papa l' ak anpil respè. Papa l' se te Makès, yon senatè nan lavil Wòm nan tan lontan.

Fabyan te di konsa : « Papa, mwen vle montre ou esklav yo m' te achte yè nan mache a. Mwen achte bon bagay, gason byen kanpe, nèg bon do ki pral travay tankou bèt. Lè ou vle, mwen va fè yo mache nan lakou palè a pou tout moun ka wè yo. »

Papa l' te reponn : « Fè sa apre inèdtan. Mwen pral wè si ou te byen achte vre. »

Fabyan te di : « Dakò. Apre inèdtan. » Apre sa li te koube devan papa l' ankò, epi li te fè wout li.

Makès te rete ap gade pitit gason l' pandan l' mache ale. Li te fyè pou pitit li. Fabyan te nan laj dizwitan (18) sèlman, epi li te deja genyen sou kont li 100 esklav konsa.

Fabyan te genyen anpil respè pou pozisyon li te okipe a, epi pou travay li t'ap fè a tou. Chak jou li te fè sètèn esklav yo te rete nan travay yo depi solèy leve jouk solèy kouche. Pou Fabyan, esklav yo se pa t' moun yo te ye. Yo te fè pati byen li posede yo. Si yon nèg te fèt esklav, se te devenn pa l'. Epi, si yon esklav te antre anba lòd Fabyan, enben malè a te ogmante pou li. Pi rèd toujou, esklav li yo pa t' gen okenn dwa plenyen pou sitiyasyon kote yo te ye a. Se konsa Fabyan te konprann afè esklavaj.

Fabyan te yon grannèg. Li te fè pati aristokrat yo (boujwa) nan lavil Wòm. Li te fèt nan yon fanmi kote anpil nan gason yo te sèvi peyi a kòm sòlda sou tèren batay. Pou moun sa yo, fòk yon esklav te soumèt a sanpousan. Malè pou yon nèg si li te fè yon vye ti redi ak mèl li, osinon si li ta rive montre li pa dakò ak lòd mèl li a ! Chèf yo pa t' rete gade bagay konsa. Pou nenpòt ti bagay yo te ka tòtire ou osinon touye ou yon fason lèd.

Makès te genyen yon twoupou moun ki te bò kote l' pou sèvi li. Koulye a, li te chita anba yon galeri kote li te kapab vize tout lakou a. Solèy la t'ap benyen makadanm lan ak bèl limyè koulè lò. Bèl dlo pwòp t'ap danse nan yon gwo sous nan mitan lakou a. Ti pwason t'ap naje nan basen dlo a, epi yon seri bèl ti toutrèl tout koulè t'ap plede vole anlè a. Se te vrèman agreyab.

Sanzatann, Fabyan te fè yon bri. Se te yon siyal pou youn nan chèf yo. Apre sa, Fabyan te chita bò kote papa l'. Ven (20) esklav te kòmanse mache dousman youn dèyè lòt pou yo janbe lakou a. Yo chak te fè yon ti kanpe lè yo te rive devan galeri a pou kite Senatè a ansanm ak pitit gason l' gade yo byen. Se te yon enspeksyon. Esklav yo te divès nasyonlite paske Anpi Women an t'ap domine sou anpil peyi. Yo chak te kite lakay yo pa fòs, epi yo te vini lakay moun ki te bat yo. Koulye a, yo te yon melanj ki te vrèman divès.

DEPI ANDEDAN KÈ A

Makès te fyè pandan li te rete ap vize bon fizik chak esklav ki t'ap pase. Li te aplodi dousman men byen klè pou montre li te dakò. Li te di : « Fabyan, ou montre anpil sajes ! Avèk fòmasyon ou pral bay nèg sa yo, yon ti kadè yo pral vo de (2) fwa sa yo vo jodi a. »

Makès te lonje dwèt li sou dènye a. Li di : « Gade yon jeyan. Mwen sispèk nonm sa a se yon moun peyi Noumid. Gade gwosè nèg la ! Ala yon bèf chawa ! »

Fabyan te reponn : « Epi li jenn ! Li menm laj avè m'. Gade zepòl li yo. Gade pye l' yo. Li pral ban nou anpil anpil gwo travay. »

De (2) Women yo te rete ap opine sou kijan nonm lan te yon nèg kosto, byen solid. Lòt esklav yo te mache yon ti jan tèt anba. Yo te deja kraze. Men nonm sa a te genyen yon konfyans lakay li. Li pa t' tankou lòt yo nan sans sa a. Malgre Senatè a ansanm ak pitit gason l' te rete ap gade l' avèk awogans, sa pa t' deranje nonm peyi Noumid la ditou. Li te gade yo fiks—li pa t' voye je l' nan bwa, ni li pa t' mete je l' atè devan yo. Li te kanpe rèd, tèt dwat, byen kal pandan li t'ap gade mèt li yo nan je.

Makès te eksite. Li te kouri ouvri bouch li pou pale : « Fabyan ! Nonm sa genyen tèt di ! Fòk ou kraze volonte li imedyatman. »

Fabyan te reponn : « Ou pa bezwen pè, Papa. M' konnen kijan m'ap jere misye. Kite l' fè rèd avè m' pou wè ! »

Makès te poze kesyon : « E pou afè relijyon ? Èske genyen pami yo ki se Kreyen ? »

Je Fabyan yo te limen dife. Li te di : « Fòk mwen konnen sa koulye a menm. M' byen panse n'ap ka jwenn omwen youn nan mitan yo. Konsa n'ap tou jwenn yon plezi anplis jodi a. »

Ansanm ak youn nan gad yo, Fabyan te pase devan chak esklav youn apre lòt. Li t'ap mande yo pou yo deklare ki rapò yo te genyen ak nouvo relijyon an ki te apenn antre nan zòn lan, ki se te Levanjil la. Se te relijyon yon Nonm yo te rele Jezi, ki te deklare se Wa Li ye epi ki tapral etabli yon wayòm sou latè. Moun yo te fè touye Jezi, men apòt Li yo te fè moun konnen Li te leve vivan ankò. Se moun sa yo ki te mache ap gaye nouvèl la, epi yo te rive jouk lavil Wòm. Lakay Makès, yon moun ki te Kreyen pa t' jwenn okenn akèy. Li pa t' vle tandè bagay konsa ditou ! Si ou te pwofèsè lafwa kreyen devan Makès, swa ou te renonse l' osinon ou t'ap peye sa byen chè.

Youn apre lòt, esklav yo te di yo pa konnen anyen nan afè kreyen sa a. Swa yo pa t' ankò tandè nouvèl la, osinon yo te tandè l' epi yo te refize l'. Alafen, Fabyan te rive devan nonm peyi Noumid la. Li te anvi tandè yon repons pozitif nan bouch jeyan an. Konsa li t'ap jwenn okazyon la menm pou li fè nonm lan bese tèt li ! Fabyan tapral

kraze kouraj nonm kosto a. Li t'ap fè konfyans sa a disparèt sou li. Nonm lan tapral tounen yon bèt k'ap tranble devan mèt li.

Fabyan di byen rapid : « Kòman yo rele ou ? »

Repons lan te tou dou, epi avèk diyite. « Malò. »

« Èske se Kreyen ou ye, wi ou non ? »

Vizaj Malò te briye pandan li te souke tèt li pou di wi. Men je l' yo t'ap pase sou lòt esklav yo. Pa t' genyen youn ki te Kreyen...sèlman li menm. Lòt yo sanble yo pa t'avè l' ditou nan sa li t'ap fè a.

Nan yon batje Fabyan te sou aksyon. Repons lan se sa li t'ap chache. Koulye li tapral pran plezi avèk nèg la. Se te yon amizman pou li.

Li di ankò : « Ou di se Kreyen ou ye, pa vre ? »

Malò reponn : « Wi, mèt. »

Fabyan te fè bri : « Yon moun pa ka Kreyen pou l' kanpe isi a lakay Mesye Makès ! »

Repons lan te vini ak konfyans : « Yon moun ka Kreyen nenpòt kote, nenpòt lè. »

Fabyan te monte pi wo : « Sa w'ap di m' la a ! Ou derespekte m', pa vre ? Mwen di ou pèsounn moun isi a pa ka Kreyen ! Se fini. Devan tout dye Women yo m'ap montre ou sa m' di a se vre ! Renonse sa ou sòt di a, osinon pare pou konsekans yo ! »

Nonm peyi Noumid la te souke tèt li pou di non. « Mwen pa ka nye Sila a ki te mouri pou mwen. »

Fabyan te anraje paske yon esklav te refize koube devan li. « Nou pral wè ! » Esklav la se te pwopriyete pa l', ni kò li, ni lespri li. Fabyan te ensiste sou soumisyon pou tout esklav li yo, epi se pa nan kò sèlman. Fòk esklav la te koube nan lespri li ak nan nanm li.

Pandan yo te mare Malò nan yon poto bwa, Fabyan te deklare : « Se mwen ki pral bat nonm sa a mwen menm menm. » Konsa, li te redi fwèt la nan men gad la. Li te kanpe anfas esklav la ki te tou mare. Se konsa de (2) jennonm yo te kanpe youn anfas lòt. Youn se te yon Women, fyè epi awogan. Li te fache. Swa lòt la soumèt devan l', osinon l'ap mouri la menm. Lòt la se te yon nonm peyi Noumid. Toude ponyèt li yo te mare dèyè yon poto bwa, men kanmenm li te genyen detèminasyon fèm pou li rete fidèl anvè Mèt pa li a.

Tout moun nan lakou a te tande Fabyan pale : « Èske ou renonse Kris, wi ou non ? » Esklav la pa t' pale ; dousman li te souke tèt li pou di non. Fwèt la te soufle pandan li pase nan lè a, epi li te eklate sou kò esklav la. Wanp ! Wanp ! Wanp ! Kou apre kou apre kou t'ap devore chè Malò.

San t'ap koule desann sou tout kò esklav la.

DEPI ANDEDAN KÈ A

Women an te fè yon ti kanpe. « Kisa ou di koulye a ? »

Doulè esklav la te san mezi. Malgre sa, li pa t' fè okenn siy lide l' te chanje. Kout fwèt yo te kontinye jouk tèt esklav la te bese devan li. Kò l' te fin lach. Li te dekonpoze.

Fabyan te lanse yon vye pawòl pandan li te tire yon dènnye kou. Li te move kou kong.

« Retire l' devan m' ! » Fabyan t'ap kòmande gad li yo. « Mwen p'ap touye li koulye a. Mwen pral fè li wè sèt (7) koulè lakansyèl jouk li aprann respekte m'. Asire pou mwen li PA mourì, tande ? Fòk mwen ka bat li toujou ! Ale ! »

Sa te pran tan pou Malò refè, li te tèlman blese grav. Pandan plizyè jou li te sou papòt lanmò. Men, kòm li te yon nèg pisan, li pa t' mourì. Apre sis (6) semenn konsa, Malò te anfòm ase pou l' fè travay nan jaden.

Se te nan jou sa yo Makès ak Fabyan t'ap planifye yon sòti pou yo fè lachas. Yo taprale nan mòn yo ki sou bò nò peyi a. Yo te deside pran Malò ansanm avèk yo. Si li pa t' dakò renonse, yo te fè plan mare li epi lage l' nan bwa pou bèt sovaj devore li.

Lè Malò te remake mesye yo t'ap pran l' pou ale ansanm avè yo nan fè lachas, li te gentan konprann bagay la p'ap bon pou li. Yon lòt malè te pandye pou li, epi koulye a li t'ap byen lwen lavil Wòm.

Yon jou lannwit, yo te mennen Malò devan Fabyan. Plan an te byen bati deja. Si esklav la pa t' dakò renonse, yo tapral mare l' sou yon pyebwa nan mitan rak la epi kite l' pase nwit lan konsa. Nenpòt sa ki rive l', rive l'.

Malò pa t' renonse-lafwa l' te djanm toujou. Fabyan te mare kòd yo li menm menm pou l' asire okenn moun pa t' montre esklav la yon ti pitye. Yo te mare Malò yon ti distans ak kan an kote yo tapral dòmi. Si l' fè bri, yo t'ap tande l'. Men, li pa t' tèlman pre kan an pou bèt sovaj yo ta pè mache sou li.

Fabyan te espere tande rèl esklav la nan mitan lannwit ! Kri sa yo t'ap tankou mizik nan zòrèy li. Malerezman, nwit lan te fin pase epi moun yo pa t' tande krik.

Opipiritchantan, Fabyan te mache ale kote yo te mare esklav la. Se pa ti sezi li te sezi lè l' rive. Malò pa t' la ! Esklav la te chape nan kòd yo ki te rete la toujou. Fabyan pa t' kapab fache ak pèsonn paske se te li menm menm ki te mare kòd yo.

Fabyan te retounen nan kan an tou brize. Li te imilye. Li te wont. Li te konnen li pèdi valè nan je papa l' epi nan je tout moun ki t'ap sèvi l' yo, malgre pèsonn pa t' oze di anyen.

Koulye a, pou l' te ka twouve respè ankò, Fabyan tapral fè lachas toutbon. Petèt li ta gen chans toujou pou l' jwenn esklav la ki te gentan chape nan men l'. Malò pa t'

kapab twò lwen yo. Fabyan te pase yon lòd nan tout kan an : « Chache byen pou wè si ou pa ka jwenn yon ti siy ki te ka ede nou mete men sou esklav ki chape a. »

Fabyan te byen panse. Esklav la te pase nwit lan ap goumen ak kòd yo. Koulye a, li te kache nan raje a pa twò lwen kan moun yo...detwa kilomèt konsa. Si l' te gen chans pase tout jounen an san yo pa wè li, li te kapab fè nwit lan ap kouri pou l' ale pi lwen Women yo.

Men, li te fè midi lè Malò te tande yon chasè ki t'ap avanse sou kote li te kache a. Malò te bese atè nan mitan raje a. Sanzatann, li te tande bri yon cheval ki t'ap galope, epi li tande yon kochon mawon ki t'ap rele. San reflechi, Malò lonje tèt li pou l' wè sa k' genyen. Je l' tonbe sou yon kochon mawon ki te blese epi ki te lage kò l' nan raje a pa twò lwen li. Apre sa, li te wè

chasè a ki te dèyè kochon an. Se te Fabyan ! Yon sèl kòlè monte nan kè Malò. Yo te sèl nan mitan rakbwa a. Pèsoun pa t' la pou rete l' si li te vle fè yon bagay. Se te yon okazyon pou l' vanje tout sa Women an te fè l' sibi. Malò te fèmen toude men l' yo pou l' tire kou. Ponyèt li yo te tankou bout fè.



Kochon mawon an te vole sòti anba raje a. Li te kouri dwat sou chwal la avèk chasè a. Chwal la te ponpe anvan chasè a te gentan pare kò li. Fabyan te tonbe atè tankou yon sak siman. Lans ki te nan men l' rive jouk lòt bò. Li te tou sezi atè a. Pandan li t'ap eseye ranje kò l' pou li kanpe, kochon an te vire sou li.

Men, Malò pa t' ap kite okazyon sa a pase. Yon sèl kou, li vole sòti anba raje a. Li mete men sou lans lan, epi li tire l' nan kò kochon mawon an. Bèt la tou mouri. Youn nan menas yo te gentan elimine. Youn te rete !

Malò te retire lans lan nan kò kochon an, epi li te vire sou Women an. Li te leve zam lan anlè a pou l' desann li sou Fabyan. Li tapral klouwe Fabyan atè a. Pandan yon bon moman, li kenbe lans lan anlè a. Ponyèt li te fè yon vye ti tranble. Fabyan te konnen li pral mouri. Li pèdi tout kouraj epi li lage kò l' nèt ale. Nanm li pati.

(Kontinye nan paj 20)

BONDYE PALE PAMWAYEN JEREMI

Yon Avètisman Meprize

Yon lòt fwa ankò, Izrayelit yo t'ap sèvi zidòl. Bondye te voye anpil pwofèt kote yo, men yo te meprize yo, epi yo pa t' vle repanti. Jeremi te youn nan pwofèt Bondye yo. Poutèt li t'ap preche kont peche pèp la, yo te mete li nan prizon.

Jeremi pa t' kapab ale nan kay Senyè a. Konsa, li te voye chache Bawouk, sekretè li. Bawouk te gen pou ekri mesaj la Jeremi te resevwa nan men Senyè a. Jeremi te espere pèp la tapral tande pwofesi yo epi kriye nan pye Bondye pou mande Li fè yo gras epi padone peche yo.

Konsa, Bawouk te ekri mesaj Bondye a sou yon woulo. Li te li mesaj la nan vil Jerizalèm lan devan yon foul ki te rasanble pandan yon jou jèn. Li te li sou moman terib yo ki tapral rive lè Bondye tapral pini yo pou peche yo. Lavil Jerizalèm tapral detwi. Bèl tanp ak bèl kay yo tapral boule. Pèp la tapral viv kòm esklav nan yon peyi etranje.


Bawouk te li mesaj gras sa a tou : « Si nou regrèt peche nou yo e kòmanse obeyi Bondye, bagay sa yo p'ap rive. »

Prens Jida yo te pè lè yo te tande Pawòl Bondye a. Yo te di : « Wa a dwe tande mesaj sa a. » Yo te di Bawouk pou li al kache ansanm ak pwofèt Jeremi pandan yo t'ap li woulo a bay wa Jojakim.

Yo te li woulo a pou wa a pandan li te chita bò recho dife li. Chak fwa yo te fin li yon pati, wa a te koupe pati sa a ak kanif li epi te jete l' nan dife a. Prens yo te sipliyè li pou li pa boule Pawòl Bondye a, men li te kontinye jouk li te detwi tout woulo a. Li pa t' pè tout pwoblèm ki t'ap vini yo. Okontrè, li te fache kont Jeremi ak Bawouk. Li te voye sèvitè li yo al' arete yo, men Senyè a te kache yo.

Après sa, Senyè a te pase Jeremi lòd pou li ekri yon lòt woulo epi pou li ajoute plis malediksyon toujou. Wa Jojakim te kapab boule woulo Jeremi an, men li pa t' kapab detwi Pawòl Bondye a. Konsa tou, lèzòm jounen jodi a kapab boule yon Bib, men yo p'ap janm kapab detwi mesaj li a !

Jeremi chapit 36



Wa Jojakim fè kòlè epi boule mesaj Bondye te voye pou pèp Li a.

Y'a konnen se Mwen menm ki Senyè a. Lè M' te di yo Mwen t'ap voye tout malè sa yo sou yo, se pa t' pale mete la Mwen t'ap fè. (Ezekyel 6.10)

1. Kilès ki te di Jeremi sa pou l' ekri ?
2. Kòman wa a te detwi woulo a ?
3. Poukisa wa a te rayi Jeremi ?

Itilize avèk pèmision :
 Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio
 Atik sa a sòti nan : 101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La © 1994

DEPI ANDEDAN KÈ A

Lè Fabyan te louvri je l' ankò, li te sezi. Ki kote li te ye ? Sanble se te nan kan papa l'. Li te vivan toujou ! Dènye bagay li te sonje se te esklav la avèk lans lan anlè tou pare pou touye l'.

Li poze kesyon : « Kòman m' fè rive la a ? »

Makès te reponn : « Se te esklav la. Malò te pote ou vini nan kan an. »

Fabyan te di konsa : « Mennen l' ban mwen. »

Lè esklav la te kanpe devan l', Fabyan mande li : « Poukisa ou pa t' touye m' lè ou te gen chans fè sa ? »

Malò di : « Mwen pa t' kapab fè sa. »

Fabyan di : « Ou pa t' kapab ? Men kilès ki te rete ou ? »

Malò te esplikè l' kijan : « Pa t' genyen pèsounn moun la se vre. Men, Kris ki viv nan kè m' te rete mwen lè m' te leve lans lan pou m' touye ou. Mwen te mete lans lan atè, epi mwen te mennen ou isi a. Lavi ou pa pou ou ankò. Se pou Kris. Lavi ou se pou Kris ou pa vle wè a. Se Li ki te sove ou. Se pa t' mwen. »

Pandan detwa minit jenn Women an te rete bouch pe. Sou vizaj li, moun te kapab wè gwo emosyon ki t'ap brase andedan li. Tout sa li t'ap swiv nan moman an te kontrè ak sa li te konprann yon moun ta fè. Fabyan te mal pou fè sans ak bagay la. Men, li pa t' ka rechte lide a paske reyalite a te byen klè devan li. Fòk li te chache konprann bagay sa a. Li te anfas lanmò, epi se yon moun li te maltrete kou chen ki te kenbe kle lavi a pou li.

Fabyan pa t' ankò klè nan tèt li, men li te rele sèvitè li yo pou l' fè yon deklarasyon. Li te bay Malò libète. Devan sa l' te resevwa nan men Malò, Fabyan te wè libète se te yon ti bagay piti. Fòk li ta fè sa omwen pou Malò.

Fabyan te di konsa : « Malò, depi jodi a ou lib ! Tout moun isi a ap konnen ou se yon nonm ki lib. Men, toujou genyen yon bagay la a. Mwen pa konprann pou ki rezon ou te epaye m' anba sa m' te merite a. Relijyon ou an...mwen pa ka konprann li. Fòk ou ede m' fè sans avèk li. Mwen pa wè kijan sa w'ap di a kapab laverite, men anmenmtan, mwen pa gen dout sou sa ki fèk rive m' la. »

Malò te souke tèt li pou montre li dakò. Li mete men l' sou kè li, epi li di : « Mwen swete ou va resevwa Jezi nan kè ou. Lè sa ou va sèten se verite ! Wi, depi andedan kè ou, Jezi va fè mèvèy moun p'ap janm fin konprann. »

Istwa sa a sòti nan Old Country News (Ansyen Nouvèl Peyizan)



SEKSYON PARAN



Disip Jezi Kris

Lafwa e Santiman

Leson 8a

« **L**è Moun Bondye voye nan lachè a va vini, èske la jwenn moun ki gen konfyans nan Bondye ankò sou latè ? » (Lik 18.8). Jezi te poze kesyon sa a pandan Li t'ap anseye ki jan yo dwe pèsevere nan lapriyè. N'ap mande kisa ki te nan panse Li kifè Li te poze kesyon sa a. Èske Li te genyen nan lespri Li kèk kondisyon ki va prezan nan dènye tan an ki tapral rann moun mal pou kenbe lafwa ? Èske Li te rekonèt lòm ta vin tèlman enterese nan bagay materyèl e fizik ke je yo ta febli sou bagay espirityèl la ?

Se sèten, nan tan pa nou an vrè lafwa se yon bagay ki ra.

Malgre Kreyen an konnen genyen yon wayòm espirityèl ki reyèl, sanble anpil moun pa ka byen distenge ant bagay espirityèl e bagay imajinasyon. Se fasil pou mete konfyans nan santiman nou yo. Se fasil pou jije yon evènman oubyen yon mesaj oubyen yon aktivite selon fason nou santi nou. Se fasil pou fè gwo desizyon enpòtan sou santiman ki andedan nou. Epi, li fasil pou evalye oubyen jije kondisyon espirityèl nou an dapre jan nou santi nou.

Santiman nou enpòtan, se vre. E travay Sentespri fè andedan nou an afekte santiman nou, men nou gen tandans pou n' konfonn santiman nou avèk travay Sentespri a. Santiman se santiman, epi travay Sentespri se travay Sentespri. Se pa menm bagay yo ye, men nou fasil konfonn yo espesyalman lè lafwa nou fèb.

Leson sa a va ede nou etidye kòman Bib la rele nou pou nou vin genyen lafwa, e l'ap montre nou kòman se lafwa ki ede nou byen analize santiman nou.

REFLEKSYON PÈSONÈL

1. Èske ou konn lite avèk dout e perèz ? Si wi, avèk kisa egzakteman ou konn lite ?
2. Èske ou konnen lòt moun ki te konn lite avèk dout ?
3. Si yon moun ta vin kote ou e li t'ap poze tèt li kesyon si l' te sove ou non, ki etap ou ta pran pou ede moun sa a ?
4. Èske ou egzès lafwa regilyèman ? Nan ki fason ?
5. Selon Bib la, genyen plizyè degre nan lafwa. Èske ou santi ou alèz avèk lafwa ou jan li ye a ? Si se non, kisa ou panse ki ta dwe chanje ?
6. Nan Bib la, kisa ou wè kòm pi gran egzanp lafwa ?

PREZANTASYON EKRI TI A

Lè yon moun di li gen konfyans (lafwa) nan Bondye, sa vle di li sèten li gen pou l' resevwa sa l'ap tann lan. Li gen konviksyon bagay nou pa ka wè ak je nou egziste tout bon vre. 'Nou konnen pèsonn pa ka fè Bondye plezi si li pa gen konfyans nan Bondye. Moun ki vle pwoche bò kot Bondye, se pou yo kwè gen yon Bondye, yon Bondye k'ap rekonpanse tout moun k'ap chache li. Ebre 11.1, 6.

Konsa, se lè ou tande mesaj la ou gen konfyans. Mesaj la, se pawòl Kris la y'ap anonse. Women 10.17.

Men, fwi Lespri a se.... lafiwa. Galat 5.22. (Bib Kreyòl La—Bibles International)

Mwen reponn li : « Aa ! Senyè Bondye sèl Mèt ! Se timoun mwen ye. Mwen pa konn pale. » ⁷*Men, Senyè a di mwen : « Pa di se timoun ou ye. Ou gen pou ou ale bò kote tout moun M'ap voye ou. W'a di yo tou sa M'a ba ou lòd di yo. »* ⁸*Ou pa bezwen pè pèsonn. Paske M'ap kanpe la avè ou pou M' pwoteje ou. Se Mwen menm Senyè a ki di sa. »* Jeremi 1.6–8.

Nan denmen maten, domestik pwofèt la leve byen bonè, li sòti. Li wè te gen yon gwo lame ki te sènen tout lavil la ak anpil chwal ak anpil cha lagè. Lamenm, l' al' di Elize : « Mèt, mèt, malè sou nou ! Kisa nou pral fè la a ? » ¹⁶*Elize reponn li : « Ou pa bezwen pè ! Nou gen plis moun avèk nou pase yo. »* ¹⁷*Lèfini, Elize lapriye Senyè a, li di : « Senyè, tanpri louvri je l' pou l' wè ! » Senyè a louvri je domestik la. Domestik la wè tout mòn lan te kouvri ak flanm dife an fòm kavalye ak cha lagè bò kote Elize.* 2 Wa 6.15–17.

Paske Lespri Bondye ban nou an pa fè nou wont moun. Okontrè, Lespri Bondye a ban nou fòs, renmen ak pouvwa pou kontwole tèt nou. 2 Timote 1.7.

Menm lè a, papa tibway la di byen fò : « Mwen gen konfyans nan Bondye ! Men, vin ede m' pou m' ka gen plis konfyans toujou. » Mak 9.24.

Pitiit mwen yo, pinga nou renmen sèlman nan bouch, nan bèl diskou ak bèl pawòl. Se pou nou renmen toutbonvre. Se pou tout moun wè jan nou renmen lè yo wè sa n'ap fè. ¹⁹*Se konsa n'a konnen nou se moun laverite a. Se konsa n'a santi nan kè nou nou pa gen kè sote devan Bondye.* ²⁰*Paske, si konsyans nou kondane nou, nou konnen Bondye pi fò pase konsyans nou, Li konn tout bagay. Konsa, zanmi m' yo, si konsyans nou pa kondane nou, nou gen gwo lasirans devan Bondye.* 1 Jan 3.18–21.

Kounyeya mwen pral Jerizalèm. Se Sentespri k'ap pouse m' ale. Mwen pa konnen sa k' pral rive m' la a. ²³*Yon sèl bagay mwen konnen : nan chak lavil kote m' pase, Sentespri avèti m' prizon ak anpil soufrans ap tann mwen.* ²⁵*Mwen pase kèk tan nan mitan nou ap anonse Gouvènman Bondye ki wa a. Men, kounyeya, mwen konnen nou youn p'ap janm wè m' ankò.* Travay 20.22, 23, 25.

Mezanmi, nou pa bezwen kwè tout moun k'ap di yo gen Lespri Bondye a. Men, se pou n' sonde yo pou nou wè si lespri yo genyen an sòti nan Bondye vre. Paske, gen yon bann fo pwofèt ki gaye toupatou sou latè a. 1 Jan 4.1.

KONPRANN LEKRITI YO

OBSÈVASYON #1 : Lafwa (konfyans) se yon sètitud konsènan reyalite esprityèl nou pa ka wè yo.

N'ap viv nan yon monn materyèl e fizik. Nou genyen sans ki fonksyonne e ki ajì selon bagay fizik e materyèl—nou wè, nou tande, nou touche, nou pran sant, e nou goute. Savan yo ap toujou dekouvri ki jan lemonn materyèl la konplike anpil. Yo kontinye chache, e toutan yo dekouvri nouvo bagay. Malerezman, plis nou konsantre sou bagay materyèl lemonn nan, se plis li difisil pou anpil moun rekonèt genyen reyalite ki envizib. Nou pa ka mete yon zanj anba yon mikwoskòp pou n' etidye l'. Okenn savan pa kapab dekouvri ki eleman ki fòme lapriyè. Epi, pa genyen okenn gode ki kapab mezire pisans Bondye.

Nou pa kapab ni wè ni touche reyalite selès yo. Men yo reyèl e nou dwe asepte yo. Men kòman ?

Pamwayen lafwa (konfyans). Lafwa se asirans nan reyalite esprityèl selon jan Bib la esplike yo. Epi lafwa se volonte lòm pou ajì selon reyalite sa yo. Nan monn natirèl la, nou tout konnen si yon moun mache sou tè tèt yon kay, li va rive nan rebò tè kay la, e si l' depase rebò a li va tonbe atè. Nou konfyè nan sans nou genyen yo e nan konpreyansyon nou sou lwa natirèl yo tankou pezanèt ki montre kilè yon bagay ap tonbe. Epi konsa tou, nou evite tonbe. Nou pa depase rebò kay la. Kounyeya, nan zafè esprityèl, yo di ke rezilta peche se lanmò. Nou pa ka wè peche ak je nou yo paske se yon bagay esprityèl li ye. Nou pa kapab wè 'tonbe' a lè yon moun 'tonbe' fè peche ni tou nou pa ka pran gou lanmò ki genyen poutèt peche a. Nou pa kapab wè kòman Bondye, zanj yo, dyab la e lame li yo jwe wòl pa yo nan lwa peche sa a. Konsa selon nati nou, nou gen tandans pou inyore lalwa. Lafwa di, « Fè atansyon ! Lè ou fè peche, ou mete nan mouvman yon lwa esprityèl ki reyèl menm jan avèk lwa gravite (pezanèt) ! Sa vle di, dèske ou gentan tonbe, ou bezwen sekou tankou nenpòt ouvriye ki gentan tonbe sòti sou tè tèt yon kay ! » Lafwa fonksyonne pamwayen lwa esprityèl ansanm ak reyalite esprityèl nou pa ka wè yo.

OBSÈVASYON #2 : Se enposib pou pwoche kote Bondye oubyen fè Li plezi san lafwa (konfyans).

Bondye se dènye (pi gran) reyalite esprityèl la. Li se Sous tout bagay materyèl e

tout bagay espiritiyèl. Lè nou rankontre Li nou rankontre Otè a, Sous la, Sila a « **k'ap soutni tout bagay avèk pouvwa pawòl Li** » (Ebre 1.3). Nou p'ap ka konprann tout rès bagay ki genyen jan nou dwe konprann li jistan nou rankontre Bondye.

Rankontre Bondye se pa tankou si n' te ale lavil pou di yon bon zanmi lontan bonjou. Bondye se Lespri Li ye. Nou pa ka touche Li, nou pa ka wè Li, e nou pa ka tandè Li. Sèl sa nou ka fè se kwè nan Li. L'ap fè nou wè Li nan anpil fason depi nou kwè nan Li, men moun ki vin kote Li dwe kwè dabò. Depi je lafwa louvri, tout bagay parèt diferan. Lè nou wè tèt nou menm jan Bondye wè nou, sa diferan nèt avèk si nou ta gade tèt nou nan yon miwa (yon glas). Konsa tou, lè nou gade lemonn jan Bondye wè li, sa diferan nèt avèk sa nou ta wè si nou ta annik ale gade lavil yon jou Samdi swa. Nou bezwen limyè Bondye anpil anpil ! Men san lafwa, nou rete avèg espiritiyèlman, inyoran espiritiyèlman e mò espiritiyèlman.

Kesyon Pou Etidye

1. Kòman Ebre 11.1 esplike lafwa ? Li vèsè sa a nan lòt tradiksyon. Ki limyè ou resevwa ?
2. Ki lòt vèsè ou kapab jwenn ki esplike lafwa oubyen enpòtans li ?
3. Poukisa moun souvan abanndonnen lafwa pandan yo fè rechèch nan lemonn fizik la ?
4. Fè lis kèk reyalite espiritiyèl nou pa kapab wè ak je nou yo.
5. Deklare kèk lwa espiritiyèl.
6. Poukisa nou pa ka vin jwenn Bondye san nou pa gen lafwa ?
7. Selon Ebre 11.6, ki de (2) bagay nou kwè pamwayen lafwa lè nou vin jwenn Bondye ?
8. Kòman lafwa nan Bondye chanje jan nou wè tout bagay ?
9. Ki rezilta ki genyen lè nou pa kwè nan Bondye ?

(liv sa a va kontinye nan pwochèn edisyon an)

—John Coblenz
Itilize avèk pèmasyon : Christian Light Publications, Inc
Harrisonburg, VA Ozetazini
Tout dwa rezève



Poudin Fèt Ak Diri Epi Kanèl

2 tas dlo

yon tas diri blan, swa grenn kout osinon grenn mwayen

yon baton kanèl, kase ti bout ti bout

1 bwat lèt evapore

1 bwat lèt konsantre

½ tas rezen chèch (si ou vle)

1 ½ ti kiyè esans vani

¼ ti kiyè sèl

2 gwo ze poul, byen brase


poud kanèl



Bouyi dlo a, diri a, epi bout kanèl yo nan yon ti chòdyè pandan detwa minit. Apre sa, bese dife a epi kouvri chòdyè a. Kwit diri a pandan douz (12) a kenz (15) minit oubyen jouk dlo a fin antre nan diri a. Retire bout kanèl yo. Brase diri a pandan w'ap ajoute lèt evapore, lèt konsantre, rezen, vani, epi sèl. Retire yon pòsyon nan melanj sa a epi brase l' ansanm ak ze yo ki byen brase deja. Retounen mete dezyèm melanj sa a ansanm ak premye a. Bat li byen bat avèk yon batèz. Chofe l' jouk li bouyi. Kontinye kwit li pandan w'ap kontinye ap brase l' san rete pandan de (2) minit. Manje l' cho, osinon tann li frèt epi mete l' nan frijidè pou manje l' frèt. Simen poud kanèl sou chak pòsyon ou separe.

Bon Apeti !

SEKSYON JENN



YON TI PRI POU PEYE

SOULAJMAN

Chapit 21c

Mwen pa t' ka dòmi. Si m' ta fè sa, m' te ka ale nèt. Atè a te genyen yon seri ba fè ki te fòme yon griy. Ba yo te frèt nèt kou glas. Depi m' ta dòmi sou yo, figi m' t'ap kole avèk yo akòz fredri a. Men, alafen, mwen te sitèlman fatige. Mwen te deside kouche. M' te deside dòmi epi tou mouri. Mwen te fini.

Desizyon an pa t' difisil pou mwen. Tout soufrans mwen t'ap sibi yo te prepare m' pou moman sa a. Mwen te sèten yon kay t'ap tann mwen nan syèl la. Mwen te santi mwen pa t' genyen rezon pou m' rete ankò ap bwè mizè sa yo.

Se lè sa a mwen te tande yon vwa : « Èske ou ka sipòte senk (5) minit ankò ? »

Mwen te sezi. Mwen te panse, Wi. Mwen ka sipòte sa.

Alafen, mwen te pase nwit lan nèt konsa...senk (5) minit...senk (5) minit...senk (5) minit. Nan demen, lespri m' te ankouraje epi mwen te kòmanse panse petèt Bondye patko fini avè m'.

Mwen te sonje dyalòg mwen te fè ak sòlda a. Èske se te chans ki fè li te pale avè m' sou lèt mwen te ekri yo ?

Non. Mwen te konnen se pa t' chans. Bondye te vle asire m' travay mwen yo pa t' gaspiye. Malgre mwen te nan prizon, Bondye t'ap itilize mwen toujou, petèt plis pase si m' te nan lakay mwen. Lide sa a te ban mwen anpil anpil kouraj.

Lè de (2) semenn sa yo te fin pase, Chèf Slekòv te vin wè mwen.

Li te di : « Kijan ou ye ? »

Mwen te reponn li : « M'ap louwe Bondye ! »

Kote n' te ye a te tèlman fè frèt, mwen te ka wè souf chèf la lè l' pale.

Li te fè bri sou mwen : « Mwen pa vle tande non Bondye ! Ou pa kenbe sèlil ou a pwòp. De (2) semenn ankò ! »

Se lè sa a mwen te konprann mwen t'ap mouri nan prizon sa a. Pou mwen, se te dènye fwa yo t'ap voye m' nan sèlil izole a. Mwen pa t' ka sipòte ankò.

Nan sèlil la, mwen te pale : « Bondye, sa se dènye priyè m'. Mwen va kouche. Mwen va mouri, epi m'ap ansanm avèk Ou. » Kè mwen te kal. Mwen te pare.

Se lè sa a yon lide te vin klè nan tèt mwen. Se te yon bagay mwen te konn anseye : « Si ou mande, ou va resevwa. Men pa mande sa ki bon pou ou menm sèlman. »

Lide a te fè m' pantan. Èske Bondye t'ap di m' mwen mèt mande nenpòt bagay ? Èske Li te pare pou tande m' ? Mwen te tou pare pou lanmò, epi koulye a lide sa a te vini nan tèt mwen. Mande ! Kisa pou m' mande ?

Sèlil la te frèt toujou. Lespri m' te dakò pou li ale ansanm ak Kris. Men, yon bagay t'ap rele m'. Se te yon vwa. Fòk mwen deside.

« Ou mèt mande Mwen pou M' mennen ou nan syèl la. Sa se premye opsyon an. Dezyèm opsyon an se mande pou yo lage ou pou ou retounen kote madanm ou ansanm ak pitit gason ou yo. Men genyen yon twazyèm opsyon : se konfye lavi ou nan men Mwen. Kite M' deside sa ki bon pou ou. »

Mwen te medite sou sa. Lide yo te klè nan tèt mwen kòm si se te vwa yon moun ki te pale avè m'. Mwen pa t' gen okenn dout se te vwa Sentespri a.

Mwen te kriye : « O ! Senyè ! Poukisa mwen anfas eprèv sa a ? Ou konnen kijan



Twa (3) pitit gason Mikael yo—Benjamen, Pavèl, ak Vannya

mwen fatige, epi kijan mwen anvi ale avèk Ou. Poukisa mwen oblije fè gwo desizyon sa a ? Kite m' mouri. »

Mwen te kouche sou ba fè yo. Mwen te kouche yon bò. Mwen pa t' konsyan kijan ba yo te frèt. Figi m' te apiye sou ponyèt mwen ki te lonje tou long.

Sanzatann, dwèt mwen yo te santi yon ti chalè. Mwen te pantan. Mwen te jwe dwèt mwen yo pou wè si se te vre. Te genyen chalè vre ! Se pa t' yon rèv. Mwen te vire tèt mwen pou wè kisa dwèt mwen yo te jwenn. Se te yon bout tiyo. Epi bout tiyo a te cho !

Mwen te gade tiyo a ki te pase nan mitan sèlil la. Se avè l' yo te konn sèvi pou chofe sèlil yo. Li pa t' janm ase pou touye fredy a vre, men li te ase pou prizonnye yo pa mouri.

Koulye a tiyo a te cho. Men kijan ?

Mwen te trennen kò m' pou m' rive ladan l'. Mwen te mete de (2) men m' sou tiyo a. Dlo t'ap pase ladan li.

(Istwa sa a ap kontinye nan pwochèn edisyon an)

—Harvey Yoder

Itilize avèk pèmisyon |TGS International |Berlin, Owayo, Ozetazini | Tout dwa rezève



SEKSYON TIMOUN



Sèt (7) Minit Ase

Ralf te kouche plat sou yon kanape nan salon lakay li. De (2) pye l' yo te anlè, epi dòmi te nan je l'.

Manman l' di li konsa : « O Ralf, cheri. Ou pèdi twòp tan nan pa fè anyen konsa. »

Ralf te reponn : « Men maten an m' te travay, manman. Mwen fè inèdtan ap netwaye jaden an. Talè mwen pral sòti al travay ankò. »

« Mwen konnen lè ou sou travay, ou travay vre. Sa ki twouble m' se pakèt tan ou gaspiye apre ou fin fè yon bagay epi anvan ou pran yon lòt. Reflechi sou sa ou te kapab fè pandan ou kouche la initil konsa. Ou te ka li yon liv. Ou te ka regle yon bann bagay. »


« Men manman, mwen pa janm pase anpil tan konsa. Tanzantan mwen fè yon ti kouche ki pa dire. Sa pa anyen. »

Manman Ralf reponn : « Fòk ou ta kontwole konbyen tan ou fè chak jou. Yon ti kouche koulye a, yon ti kouche pita, epi yo anpile. Mwen panse nan yon semenn ou pase anpil èdtan kouche plat. M' panse li te ka egal ak plizyè jou nan yon mwa, plizyè semenn nan ane a. Epi si ou kontinye, w'ap pase plizyè ane nan lavi ou kouche plat konsa san ou p'ap regle anyen serye. Se ane gaspiye yo va ye. »

Ralf te pèsiste : « Mezanmi, manman. Poukisa w'ap fè ti bagay sa a tounen yon pakèt afè ? »

« Enben, petèt m'ap egzajere ti kras vre, men m' panse se yon koze ki ase serye. Mwen vle pouse ou reflechi sou kijan ou jere tan lib ou yo. Kisa ou te kapab fè ki ta pi bon ? Genyen moun ki kòmanse li Bib la, epi tikras tikras yo li l' tout antye. Genyen moun ki pran lòt bon liv pou yo etidye. Genyen moun ki mache ak liv nan valiz yo, epi pandan yo nan wout yo rale l' pou fè lekti. Pandan lòt pasajè yo chita ap youn gade lòt, moun sa yo ap li yon pakèt bon bagay. Lè yo fè sa, yo aprann anpil bagay tikras pa tikras. »

« Men mwen pa renmen fè lekti. »



Manman Ralf pa t' vle bay vag : « Enben, ou te ka fè yon lòt bagay. Ou te kapab chache yon distraksyon, yon aktivite ki enterese ou. Kèk nan zanmi ou yo fè sa. Gade bèl ti bagay atizana Rafayèl konn fè yo. Gade Pòl ki ekri bèl powezi ak chan pou gwoup legliz li a. Mesye sa yo genyen menm laj avèk ou. Yo genyen menm kantite tan lib avè ou tou. Yo pa gaspiye li. »

« M' pa renmen travay ak bwa. Epi, mwen pa fò nan ekri bagay konsa. »

« Genyen anpil lòt bagay ankò ou te ka fè. Chache youn ki bon pou ou. Sa fè m' sonje istwa yon nèg ki te travay nan yon tren. »

Ralf pa t' kontan. Li di manman l' : « Manman, mwen pa pral travay nan yon tren. »

Manman l' te oblije souri : « Se pa sa m'ap di, pitit. Mwen vle montre ou kijan nèg la te itilize tan lib li yo pou regle yon bagay. Tren an te toujou ap fè menm wout la chak èdtan. Li te kite lavil la pou l' ale yon kote andeyò. Pandan li te andeyò nan mitan tè lib sa yo, li te fè sèt (7) minit ap tann pasajè anvan li retounen antre nan vil la ankò. Pandan plizyè jou, nèg la te annik chita tann pandan sèt (7) minit yo te pase. Li ta gade yon jounal osinon li te chita kabicha. »

« Se sa m' ta fè tou, mwen menm. »

« Sa sanble avèk ou vre. Men yon bon jou, nèg la te remake yon moso tè bò kote tren an te kanpe a ki te plen raje ak zèb. Mesye a te yon nèg ki te renmen fè jaden, epi chita gade moun toutan pa t' tèlman fè li plezi. Epi, kote li te oblije chita tann moun konsa se te yon kote ki lèd, ki abandone. Lè sa a, yon lide vin nan tèt li. Petèt li te kapab afekte yon chanjman nan vye kote abandone sa a. Li te di nan tèt li : Mwen genyen sèt (7) minit mwen pase isi a chak èdtan. Si m' travay pandan wit (8) èdtan, sa vle di mwen pase senkanntsis (56) minit chak jou isi a. Nan yon semenn, sa fè senk (5) èdtan edmi. Nan senk (5) èdtan sa yo mwen te ka regle yon bann bagay. »

Manman Ralf te kontinye avèk istwa a : « Konsa nèg la te pran ansanm avèk li yon pèl epi yon manchèt lè li te monte tren an. Kou tren an te rete, li te desann. Dabò, li te koupe kèk nan raje yo epi retire yon tikras nan zèb yo. Li pa t' gentan regle anpil bagay lè premye sèt (7) minit lan te gentan pase. Men,

apre tout yon semenn konsa, te genyen chanjman remakab nan ti tè a. Apre sa, tikras pa tikras, nonm lan te kiltive tè a. Nan ti bout tan sèt (7) minit yo, li te plante plizyè kalite flè. Li te plante kèk ti plan bwòdè. Anvan twa (3) mwa te fin pase, tè abandone sa a te kòmanse sanble yon bèl plas. Nouvèl la te gaye nan vil la. Moun tout kote te monte tren an tout espere pou yo vin vizite plas nonm lan. Anvan travay sa a te fèt, tren an te konn vid anvan li rive nan dènnye bout wout li. Koulye a, tren an te konn ranpli ak touris ki te vin gade bèl bagay. Yo te pale byen pou ti plas la. Tout moun r'ap di kijan yo pa t' konprann kòman yon nèg te ka fè tout bèl bagay sa yo nan sèt (7) minit ase. »

Ralf te kouri pale : « Se pa t' sèt (7) minit ase. Li te pran plis tan pase sa. »

Manman l' di : « Wi. Li te pran plis tan se vre. Men se te sèt (7) minit koulye a, epi sèt (7) minit pita. Konsa konsa nèt ale. Sèt (7) minit sa yo se yon lè pifò moun ta annik gaspiye. Men nonm saj sa a te pwofite chak espas tan sa yo pou l' fè yon vye kote plen raje tounen yon bèl ti paradi. »

Ralf di konsa : « Mesye byen fè ! »

Manman l' reponn : « Mwen dakò avèk ou. Si Ralf ta fè konsa, li ta byen fè li menm tou ! »

Ralf te leve chita. Li t'ap souri. Se te klè li te gentan konprann mesaj la.

Istwa sa a sòti nan *The Children's Hour with Uncle Arthur*
(*Yon Ti Istwa Pou Timoun yo avèk Tonton Arturo*)



Vèsè Pou Aprann

« Pa kite okenn okazyon pase pou fè sa ki byen.

Paske, jou sa yo n'ap viv la a pa bon menm »

(Efezyen 5.16).



Aktivite Timoun

Sa a se yon bagay nou ka rele yon kriptogram. Yon kriptogram se yon jwèt kote chak lèt reprezante yon lòt lèt. Pou dekode mesaj la, fòk ou itilize alfabè a pou dekouvri ki lèt anba ki reprezante lèt tout bon an. Si ou genyen yon ti pasyans, epi si ou genyen yon estrateji, w'ap kapab rezoud kriptogram lan. Sonje, chak lèt anba reprezante yon lèt tout bon. Chak fwa ou dekouvri youn nan lèt tout bon yo, ekri li nan plas li. Kontinye jouk ou kapab li mesaj la. (Men yon poul pou kòmanse : Nan mesaj sa a, chak A reprezante yon B, chak B reprezante yon C, elatriye.)

ABCDEFGHIJKLMNOPQRSTUVWXYZ

--- -- -- -- -- -- -- -- --
MNT SZ CVD HSHKHYD SNTS SZM KHA MNT
--- -- -- -- -- -- -- -- --
XN ONT M' ED XNM AZGZX JH FDMXDM UZKD.

(Repons nan paj 12)

*Yon vrè Kreyen
sanble ak yon flè
bon sant ki toujou bay bon
sant li—menm devan sila yo
k'ap pile l' anba pye yo.*

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon, oubyen ta renmen resevwa èd espirityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



« *Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon... »
(2 Pyè 1.19).*

M' Te Vin Bouke

*M' te vin bouke ap tann
ti kal manje yo ki tonbe atè.
Rèw mwen yo pa t' anpil,
Se dòmi mwen t'ap dòmi.*

*M' te vin bouke ap plede gade dèyè.
Mwen pa t'ap viv nan prezan an vre,
Paskè m' t'ap kouri dèyè
yon bann ilizyon.*

*M' te vin bouke ap bwè pousyè.
Dezè a te chèch,
Epi lemonn te twonpe m'.*

*M' te vin bouke ap flannen.
Nanm mwen te tou mouri,
Espwa m' pa t' satisfè.
M' te vin bouke ap viv
san Ou menm, Jezi.*

—Gloria E. Romero Lozano